

Lampiran 1 Nilai Magang



FORMULIR PENILAIAN

Nama Instansi / Perusahaan : Dinas Komunikasi dan Informatika Gunungkidul
 Nama Penilai : Didik Handoko, ST
 Jabatan : Seksi Pengelolaan Informasi dan Komunikasi
 Alamat Kantor / Perusahaan : Jl. Brigjen Katamso No. 1 Wonorejo, Gk
 Nomor Telephon : (0274) 91259
 Nama Mahasiswa yang dinilai : Sari Puspita Ratri
 PKL/ Magang di bagian : Cyber PR, Informasi dan Komunikasi Publik
 Mulai PKL/ Magang Sejak : 04 Maret 2020

Jenis Kemampuan	Tanggapan / Komentar Pihak Pengguna **				
	Sangat Baik	Baik	Cukup	Kurang	Sangat Kurang
Komunikasi	✓				
Kerjasama	✓				
Kemandirian	✓				
Kreativitas	✓				
Kemampuan menggunakan alat modern	✓				

** Mohon diisi dengan tanda V pada kolom isian diatas

Komentar lain / saran - saran :

- terima kasih telah banyak membantu pekerjaan Dinas Kominfo...
- kerumahan dan perumahan kantor...
- tempat kreatif dan belajar hal-hal baru (inovatif)



SEKOLAH TINGGI ILMU KOMUNIKASI YOGYAKARTA

Jl. Laksda Adisucipto KM.6,5 No.279, Caturtunggal, Kec. Depok, Kabupaten Sleman Daerah Istimewa Yogyakarta 55281
 Telp.0274-4533864, Faxes:0274-484574, Website: www.akindo.ac.id, E-mail:humas@akindo.ac.id

Lampiran 2 Film Pendek “**Gugur Gunung**”



Lampiran 3 Film Pendek “**Hoax**”



Lampiran 4 Film Pendek “**Rewang**”



Lampiran 5 Film Pendek “Tepa Selira”



Lampiran 6 Film Pendek “Unggah-Ungguh”



Lampiran 7 ILM “Bersama Cegah Covid19”



Lampiran 8 ILM “PPID”



Lampiran 9



Lampiran 10 Desain

© Pemerintah Kabupaten Gunungkidul

#KitaYakin
Segera berakhir

KABAR BAIK

mari yakinkan diri kita

bahwa wabah covid19 akan segera berakhir, sudah banyak pasien positif covid19 yang sembuh

Swipe Kanan, lihat infonya >>>

Pemerintah Kabupaten Gunungkidul
@pemkabgunungkidul

3 LANGKAH MUDAH
MENDAFTAR KARTU PRAKERJA

Kartu Prakerja

Pemerintah Kabupaten Gunungkidul
@pemkabgunungkidul
gunungkidulkab.go.id

© Pemerintah Kabupaten Gunungkidul

ATURAN IMEI BERLAKU

LINDUNGI MASYARAKAT DARI PONSEL ILEGAL

Pemerintah Kabupaten Gunungkidul
@pemkabgunungkidul
gunungkidulkab.go.id

Pemerintah Kabupaten Gunungkidul
@pemkabgunungkidul
gunungkidulkab.go.id

BAHAYA STIGMA SOSIAL DALAM MASYARAKAT

Pemerintah Kabupaten Gunungkidul
@pemkabgunungkidul

Pemerintah Kabupaten Gunungkidul
@pemkabgunungkidul

BERBAHAYA
Menyemprotkan Cairan Disinfektan
Langsung ke Tubuh

Pemerintah Kabupaten Gunungkidul @pemkabgunungkidul gunungkidulkab.go.id

CEGAH
Penyakit Tidak Menular
Hipertensi, Stroke, Jantung, Diabetes, Kanker, dll

Pemerintah Kabupaten Gunungkidul @pemkabgunungkidul gunungkidulkab.go.id

JANGAN PANIK
Hindari Penyakit Psikosomatis

Pemerintah Kabupaten Gunungkidul @pemkabgunungkidul gunungkidulkab.go.id

KEGIATAN MENYENANGKAN AGAR ANAK-ANAK TAK JENUH DI RUMAH

Pemerintah Kabupaten Gunungkidul @pemkabgunungkidul gunungkidulkab.go.id

MENYAMBUT INDAHNYA BULAN SUCI RAMADHAN

SAAT PANDEMI COVID19


Pemerintah Kabupaten Gunungkidul @pemkabgunungkidul gunungkidulkab.go.id

© Pemerintah Kabupaten Gunungkidul

PANDUAN PENCEGAHAN COVID-19 BAGI IBU HAMIL

Pemerintah Kabupaten Gunungkidul @pemkabgunungkidul

Lampiran 11 *Icon-icon*



Lampiran 12 Naskah dan *Treatment* “**Gugur Gunung**”

Naskah Short Movie

Tema : GUGUR GUNUNG

Judul : Gugur Gunung, Ayo Disengkuyung!

TOKOH :

1. Joni
2. Bima
3. Mbok Siti
4. Mbok Marmi
5. Pak Danu
6. Abdul
7. Riski

Tempat :

1. Kamare Joni
2. Omahe joni
3. omahe bima
4. dalam dinggo ibu ibu ketemu
5. dalam dinggo papan gugur gunung
6. teras umahe bima

SCENE 1

JONI-INT-KAMAR-PAGI HARI

Suara telpon....

Joni :”sopo to esuk esuk telpon”

Joni ndelok Hpne

Joni :”alah si Bima, ganggu wong turu wae”

Joni bali turu

SCENE 2

BIMA-INT-RUANG TAMU-PAGI HARI

Bima :”woalah, ora diangkat malahan”. “opo orasido melu gugur gunung ?”

Bima chat Joni, HPne digletekke nduwur mejo

SCENE 3

JONI-INT-KAMAR-PAGI HARI

Joni delok chat seko Bima..

Joni :”halah, memeng tenan esuk esuk ngajak kerja bakti”

SCENE 4

BIMA, MBOK SITI-INT-RUANG TAMU-PAGI HARI

Mbok siti :”bim, kok urung mangkat gugur gunung wis yahmene?”

Bima :”lagi ngenteni balesane Joni. Arak tak ajak mangkat bareng mbok”

Mbok siti :”mbok diparani ning ngumahe. Gek wis selak awan”

Bima lungo menyang teras

SCENE 5

BIMA-EXT-TERAS-SIANG HARI

Bima :”kok urung ono wong lewat to iki”

Bima delok chat.e Joni ra dibales

Bima : “mangkat disik waelah timbange tekan kono wis rampung ”

Bima langsung budhal lungo

SCENE 6

JONI, MBOK MARMİ-INT-KAMAR-PAGI HARI

Mbok marmi nggedori lawang kamar Joni, ning joni ora tangi tangi

Mbok marmi : “jon, tangi.. saiki gugur gunung”

Joni : “uwis mbok”

Mbok marmi :”uwis opone Jon ?, kaelo kancamu wis do mangkat”

Joni : “yo ngko”

SCENE 7

JONI-INT-KAMAR-PAGI HARI

HPne Joni muni terus, notifikasi mlebu akeh banget ngajaki dinggo gugur gunung

Joni :”arak turu kok ora tentrem, turu waelah. Isik ngantuk kok malah do ribut gugur gunung”

SCENE 8

BIMA, RISKI, ABDUL-EXT-PAPAN GUGUR GUNUNG-SIANG HARI

Abdul : "joni endi bim ? kok ra ketok"

Bima : "embuh, WAku kit mau ora dibales kok"

Abdul : "joni ki nyat angel dijak srawung opo meneh gugur gunung.men, Sesuk lak rabine suwung.

Riski : "malah ngopo doan. wis rasah disambi jagongan gek ayo nyambut gawe ben cepet rampung"

SCENE 9

MBOK MARMİ, MBOK SITI-EXT-DALAN-SIANG HARI

Mbak siti : "mbaaaakkkk... arak ngirim ning nggon gugur gunung to ?"

Mbok marmi : "iyo iki mbak siti, ayo barengan wae. Mesakake nek ora enek sik ngirim"

SCENE 10

PAK DANU, BİMA-EXT-PAPAN GUGUR GUNUNG-SIANG HARI

Pak danu : "bim, lha endi koncomu liane ? kok sik cah enom gur setitik ?"

Bima : "duka pak, wau pun kula kabari ten grub pemuda"

Pak danu : "woalah yowis. Joni barang kok ra ketero. Yowis bim gek dirampungke gaweane"

SCENE 11

MBOK MARMİ, MBOK SITI, PAK DANU-EXT-PAPAN GUGUR GUNUNG-SIANG HARI

Mbok siti : "assalamualaikum bapak bapak, leren riyin. Niki unjukane"

Pak danu : "waalaikumsalam, we bu marmi kalih bu siti. Maturnuwun sampun ngirim malah ngrepoti"

Mbok marmi : "nggih pak sami – sami"

Pak danu : "bu marmi, lha Joni kok mboten mangkat gugur gunung ?"

Mbok marmi : "waduh, nopo enggih pak ? lha wau niku pun kula gugah je". "nek ngoten kula gek tak langsung pamit nggih pak"

SCENE 12

JONI, MBOK MARMİ-INT-NGAREP KAMAR JONI-SIANG HARI

Mbok marmi : "Joniii... bukanen jon lawange"

Joni : "ngopo to mbok ?"

Mbok marmi : "ngopo kepie to ? kok malah turu ora melu gugur gunung"

Joni : "memeng mbok, ngantuk aku"

Mbok marmi : "mbok koyo Bima kae sregep melu gugur gunung. Wis gek tangi engko gek nusulo isik akeh kae le gugur gunung"

Joni : "iyoneh mbok"

SCENE 13

JONI-EXT-DALAN AREP GUGUR GUNUNG-SIANG HARI

Joni : "jane memeng aku yoan melu gugur gunung, nek ora tekne diseneni simbok gah mangkat"

SCENE 14

JONI, BIMA, RISKI, ABDUL, PAK DANU-EXT-PAPAN GUGUR GUNUNG-SIANG HARI HARI

Pak danu : "jon... weee tak kiro ora arep teko ? wong mbokmu mau nakokke koe"

Bima : "nganti kesel jon le nunggoni"

Joni : "koyo artis wae di enteni haha"

Abdul : "wis tangi koe jon ?"

Joni : " iyo iki mulane koe tak ewangi ben cepet rampung hahaha"

Pak danu : "jan seneng aku ndelok cah enom ki do sregep gugur gunung, gaweane iso cepet rampung"

Riski : "lha enggih pak, opo meneh nek onten Joni sedoyo niku beres"

Pak danu : "wah mantap iki, cah enom ki patute nyengkuyung gugur gunung yoan"

Abdul : "heee jon, nek koe mau ora mangkat gugur gunung rabimu sesuk suwung"

Bima, abdul, riski, pak danu nggarapi joni karo ngeguyu...

Joni bingung ...

SCENE 14

SHOOT KEGIATAN GUGUR GUNUNG DAN TIME LAPSE LINGKUNGAN SEKITAR PAPAN GUGUR GUNUNG

Treatment

Tema : Unggah Ungguh
 Judul Film Pendek : Unggah Ungguh
 Durasi :
 Pengarah Acara :
 Produksi : Maret 2020

No.	Deskripsi	Narasi	Video/Adekan	Audio	Tempat
1.	Pembukaan	<ul style="list-style-type: none"> Tanpa narasi Judul "Unggah ungguh" 	1. Kosongan 2. Judul 3. Lembaga Penanggungjawab	<ul style="list-style-type: none"> Tanpa musik 	-
2.	SCENE 1	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Suoro telfon muni banjur ana percakapan.	1. Time lapse 2. Shot bu narti	1. suara hp muni 2. backsound	-
3.	SCENE 2 BU NARTI, PAK ROHMAN- INT-RUMAH- SIANG HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Bu narti dumel, Pak Rahman teko banjur. Bu Narti curhat marang Pak Rahman bab kelakuan e Budi soal e ameh masakke kesenangan e Budi nanging telfon e di pateni.	1. Shot bu narti 2. Shot Pak Rahman	1. backsound	Omah e Pak Rahman
4.	SCENE 3 PAK ROHMAN- INT-RUANG TAMU-SIANG HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Pak Rahman WA Budi namung muk dibalesi Ya. Ngerti kaya mengkono Pak Rahman narik ambegan dawa karo geleng geleng.	1. Shot Pak Rahman	1. backsound	Ruang tamu Pak Rahman

5.	SCENE 4 BIMA, MBOK SITI-INT- RUANG TAMU-PAGI HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Mbok siti nekoni bima kok durung mangkat gugur gunung nanging joni durung bales . Mbok Siti ngakon Bima langsung moro ng omah e Joni wae. Bima langsung metu ng teras.	1. Shot bima 2. Shot mbok siti	1. backsound	Ruang tamu bima
6.	SCENE 5 BIMA-EXT- TERAS-SIANG HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Delok chat e ora di bales joni. Bima langsung mangkat gugur gunung.	1. Shot buka hp 2. Shot bima	1. backsound	Teras omah e bima
7.	SCENE 6 JONI, MBOK MARNI-INT- KAMAR-PAGI HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Mbok Marni nggedori lawang kamar e Joni nanging Joni ora tangi tangi	1. Shot mbok marni 2. Shot joni	1. backsound	Kamar e joni
8.	SCENE 7 JONI-INT- KAMAR-PAGI HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi HPne Joni muni terus ana notifikasi mlebu ngajaki gugur gunung. Joni mangkel	1. Shot hp 2. Shot joni	1. backsound	Kamar e joni
9.	SCENE 8 BIMA, RISKI, ABDUL-EXT- PAPAN GUGUR GUNUNG- SIANG HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Ning papan gugur gunung Bima, Riski, lan Abdul omong omongan	1. Shot panggonan gugur gunung 2. Shot Bima, 3. Shot riski 4. Shot abdul	1. backsound	papan gugur gunung

10.	SCENE 9 MBOK MARMI, MBOK SITI- EXT-DALAN- SIANG HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Mbok Siti lan Mbok Marni petukan ning dalan arep arep mgirim ning panggonan gugur gunung. 	<ol style="list-style-type: none"> Shot dalan Shot mbok marni. Shot Mbok siti 	1. backsound	Ng dalan ibu ibu petukan
11.	SCENE 10 PAK DANU, BIMA-EXT- PAPAN GUGUR GUNUNG- SIANG HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Pak Danu nakoni Bima kancane liyane ning di wae. Bima mangsuli ora ngerti padahal acara gugur gunung kui wes di share ning grup pemuda. 	<ol style="list-style-type: none"> Shot Pak Danu Shot bima 	1. backsound	Dalan nggo gugur gunung
12.	SCENE 11 MBOK MARMI, MBOK SITI, PAK DANU- EXT-PAPAN GUGUR GUNUNG- SIANG HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Mbok Marni lan Mbok Siti tekan panggonan sik dinggo gugur gunung, lan masrahke pacitan lan ujukan e marang Pak Danu. Pak Danu takon marang Mbok Marni, Joni ra mangkat kenapa. Ngerti mengkono mbok marni langsung bali jujul Joni. 	<ol style="list-style-type: none"> Shot Mbok marni Shot mbok siti Shot Pak Danu 	1. backsound	Dalan nggo gugur gunung
12.	SCENE 12 JONI, MBOK MARMI-INT- NGAREP KAMAR JONI-SIANG HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Mbok marni gedor lawang e joni kon tangi. Mbok marni nesu nesu 	<ol style="list-style-type: none"> Shot mbok marni Shot joni 	1. backsound	Kamar e joni
13.	SCENE 13 JONI-EXT- DALAN AREP GUGUR GUNUNG- SIANG HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Amerga di seneni Mbok e Joni mangkat gugur gunung. 	<ol style="list-style-type: none"> Shot joni 	1. backsound	Joni, dalan arep ng panggon gugur gunung
14.	SCENE 14 JONI, BIMA, RISKI, ABDUL, PAK DANU-EXT- PAPAN GUGUR GUNUNG- SIANG HARI HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Ning papan kono Joni wes di tunggu karo kanca kancane. Joni di bebeda karo kanca kancane, merga ora reti apa apa Joni bingung 	<ol style="list-style-type: none"> Shot bima Shot kerja bakti Shot time lapse 	1. backsound	Dalan panggo gugur gunung

Lampiran 13 Naskah dan *Treatment* “**Rewang**”

Naskah Short Movie

Tema : REWANG

Judul : REWANG

TOKOH :

1. Bu Sum
2. Pak Joko
3. Amri
4. Pak Tri
5. Dani

SCENE 1

BU SUM, PAK JOKO-INT-PAWON-PAGI HARI

Bu sum :”pak, anake pak Tri jare arak dimantu”

Pak joko :”krungu krungu yo ngono bu”

Bu sum :”anake sik nomer siji to ?”

Pak joko :”lha iyo to bu, wong sing ragil lagi lulus sma”

Bu sum :”yo sopo ngerti pak”

SCENE 2

AMRI-EXT-TERAS RUMAH-PAGI HARI

Shoot amri lagi dolanan HP ning ngarep teras

Shoot amri seko mburi dolanan HP (OSS)

Close Up HP amri isi chatting rewang nikahan Fian

SCENE 3

BU SUM,AMRI-EXT-TERAS RUMAH-SIANG HARI

Amri ngalamun bar dolanan HP

Bu sum : “ngopo mri ngalamun”

Amri : “Fian arak rabi bu”

Bu sum :”hoo, opo koe kepingin ?”

Amri : “ora gur dijak rewang karo cah cah bu”

Bu sum :”hoo ora popo mri, mengko tak omongke bapakmu”

Amri : “alah karo sopo lo bu, wis aku arep mlebu sik buk”

Amri lunga mlebu ngumah

SCENE 4

AMRI, PAK JOKO-INT-RUANG TAMU-SIANG HARI

Amri ngelewati pak Joko

Pak joko :”mri, kon rewang gone fian ora ?”

Amri : “mau dijak pak lagian karo cah enom enom. Opo urung diaturi pak Tri pak ?”

Pak Joko :”urung je, mboan mengko to mri”

Amri lunga mlebu

SCENE 5

PAK TRI, PAK JOKO-INT-RUANG TAMU-SIANG HARI

Pak tri : “kula nuwun pak Joko”

Pak joko :”monggo, mlebet mriki pak tri”

Pak tri :”nggihh... pak niki nyuwun ngapunten ganggu. Kula mriki badhe ngrusuhi tenogone njenengan kaliyan ibu dingge ngijabke fian. Rewange niku wiwit dinten setu pak”

Pak Joko :”wooo nggih pak, kula usahakke mangkih saget tindak sekalian kalih amri”

Pak Tri :”enggih, niku wau kula nggih jaluk tulung fian kula ken ngomongi cah enom enom”

Pak Joko :”wolha nggih sae niku pak”

Pak Tri :”lha nggih, nek ngoten kula gek lajengan mawon nggih pak”

Pak joko : “nggih monggo pak nderekaken”

SCENE 6

DANI-EXT-TEMPAT REWANG-SIANG HARI

Amri lagi sibuk gaweane rewang

Dani :”koe kapan gekan mri ?”

Amri :”sabar, suk nek wis oleh kowe gek tak kabari tak kon rewang”

Dani :”waahhh yo gek ndang to mri”

Amri :”mulane iki ayo do disengkuyung dilestarekake tur tenan le nyambut gawe ben suk genti awakdewe sik direwangi hahaha”

Amri lunga, ngewangi gawean liane

SCENE 7

SHOOT AMRI REWANG, KEGIATAN REWANG DAN TIME LAPSE LINGKUNGAN SEKITAR PAPAN REWANG

Narasi :

Yo ngene iki urip ning deso, kudu nyengkuyung siji lan sijine. Gawean ora ono sing abot yen kabeh tandang gawe bareng bareng.

□

Treatment

Tema : Rewang
 Judul Film Pendek : Rewang
 Durasi :
 Pengarah Acara :
 Produksi : Maret 2020

No.	Deskripsi	Narasi	Video/Adegan	Audio	Tempat
1.	Pembukaan	<ul style="list-style-type: none"> Tanpa narasi Judul "Rewang" 	1. Kosongan 2. Judul 3. Lembaga Penanggungjawab	<ul style="list-style-type: none"> Tanpa musik 	
2.	SCENE 1 BU SUM, PAK JOKO-INT-PAWON-PAGI HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Pak Joko karo Bu Sum ngrembug putrane Pak Tri sik jarene amri dimantu ning pawon	1. Shot Pak Joko 2. Shot Bu Sum	1. backsound	pawon omah e pak joko
3.	SCENE 2 AMRI-EXT-TERAS RUMAH-PAGI HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Amri dolanan hp ngrembug rewangan nikahan e Fian	1. Shot amri dolanan hp OSS, CU	1. backsound	Teras omah e pak joko
4.	SCENE 3 BU SUM,AMRI-EXT-TERAS RUMAH-SIANG HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Bar chattingan Amri ngalamun, weruh kui Bu sum nakoni Amri. Amri mlebu ngomah	1. Shot amri 2. Shot bu sum	1. backsound	Teras omah e pak joko
5.	SCENE 4 AMRI, PAK JOKO-INT-RUANG TAMU-SIANG HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Amri nglewati Pak Joko, Amri omong omongan karo pak joko. Amri banjur mlebu	1. Shot amri 2. Shot Pak Joko	1. backsound	Ruang tamu pak joko
6.	SCENE 5 PAK TRI, PAK JOKO-INT-RUANG TAMU-SIANG HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Pak tri mertamu ngaturi Pak Joko lan Bu Sum rewang ning nggone Fian. Sak wes e kui Pak Tri langsung pamit.	1. Shot Pak Joko 2. Shot Pak Tri	1. backsound	Ruang tamu pak joko
7.	SCENE 6 DANI-EXT-TEMPAT REWANG-SIANG HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Amri lagi sibuk gaweane rewang. Dani lan amri omong omongan. Lebar kui Amri lunga, ngewangi gawean liane	1. Shot dani 2. Shot amri	1. backsound	Papan rewang
8.	SCENE 7	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Amri rewang, kegiatan rewang dan time lapse kegiatan rewang "Yo ngene iki urip ning deso, kudu nyengkuyung siji lan sijine. Gawean ora ono sing abot yen kabeh tandang gawe bareng bareng."	1. Shot papan rewangan 2. Time lapse papan rewangan	1. backsound	Papan rewang

Lampiran 14 Naskah dan *Treatment* “**Hoax**”

Naskah Short Movie

Tema : HOAX

Judul : Ojo Gampang Percoyo, Sopo Ngerti HOAX ?

TOKOH :

1. Bu Rahmi
2. Murti
3. Adnan
4. Robi
5. Bu Nanik
6. Bu Yayuk
7. Bu Risma
8. Bu Menik
9. Bu Tatik
10. Pak Yudi

SCENE 1

MURTI, BU RISMA-EXT-NGAREP UMAH MURTI-PAGI HARI

Pas esuk arep tuku janganan, Bu Risma krungu Murti anake bu Rahmi lagi telfonan

Murti : “mas, mangkih ajeng methuk jam pinten ?” ... oh esuk iki, yowis tak siap siap mengko nek uwis tekan kabari yo mas. Awakku isik lara mergo wingi kae”

Bu Risma : “wah loro opo yo ? esuk esuk kok wis kangsengan ono opo yo ? sopo kiro kiro sik telponan karo murti ? mesti yange ?”

Bu Risma lunga menyang tukang sayur

SCENE 2

BU RISMA, BU NANIK, BU TATIK, BU MENIK, BU YAYUK-EXT-PINGGIR DALAN-PAGI HARI

Bu Nanik : “kok dingaren mbak yahmene lagi tekan”

Bu Yayuk : “hoo to mbak, biasane yahmene wis disik dewe milih kangkung nganti do layu saking le ndemoki”

Bu Risma : “woalah bu ibu, aku mau ki ndadak delok karo ngrungokke si Murti anake mbak Rahmi kae lo”

Bu Menik : “mesti ono gosip meneh iki, seneng aku. Kepiye ceritakno”

Bu Risma : “alah kae lo mbak si Murti esuk esuk ora nyambut gawe malah telponan kangsengan karo yange gek muni awake loro barang bar do ngopo yo ?.”

Bu Tatik : “wah opo iyo mbak, wong Murti ki bocahe ora neko neko kok”

Bu Yayuk : “mengko gek koe sik salah krungu”

Bu Risma : “genah bu aku yakin wong aku krungu dewe mau le telponan”

Bu Yayuk : “wis, orasah ngurusi urusane wong liya, bu risma barang nek urung jelas arepo sampean yakin orasah diceritak ceritakkke”

Bu Risma : “mbak yayuk ki ratau percoyo opo sik tak kandakke mau. Wis mbak Tatik aku entek piro blonjone ?”

Bu Tatik : “entek telungpuluh wolu mbak”

Bu Risma : “ki mbak duit patangpuluh, susuke dijupuk wae. Raono duit le pas”

SCENE 3

BU RISMA, MURTI, ADNAN-EXT-DALAN NGAREP UMAH MURTI-PAGI HARI

Saktekane dalan ngarep omahe Murti pas Bu Risma bali seko tukang sayur, Bu Risma methuki Murti diboncengke karo cah lanang

Bu Risma : “Iha lak tenan, koyo ngono kui sidu ora percoyo karo aku mbak Yayuk ki”

Murti karo Adnan lunga..

Bu Risma : “Wah kudu tak poto iki”

Pas Murti lunga langsung difoto karo bu Risma.

Bu Risma : “nah, iso tak dadekke bukti karo ibu ibu iki nek cen si Murti esuk esuk budhal yangyangan. Jan Murti ki ora mesakke tenan karo mbak Rahmi”

Bu Risma ngirim gambar ning grub WA ibu ibu nanging ora ono bu rahmi ning grub kui.

Bu Risma : “wis tak patenane sik Hpku mengko lak ibu ibu kaget yoan ndelok fotone si Murti”

SCENE 4

BU RISMA, PAK YUDI-EXT-TERAS RUMAH-SIANG HARI

Pak Yudi : “seko ngendi wae bu ? yahene kok lagi mulih ?”

Bu Risma : “walah pak, mau ki dijak jagongan karo ibu ibu. Mosok aku yo kon bali disik pak ?”

Pak Yudi : “wis jan ibu ki”

Bu Risma : “wis bapak ki padune kon gawekke kopi to ?”

Pak Yudi : “layo to bu, wong kit mau wis ngelak ning pawon ora enek kopi”

Bu Risma : “yowis pak, tak gawekke kopine sik”

SCENE 5

BU RISMA, PAK YUDI-INT-PAWON-SIANG HARI

Bu Risma : “tak ngendangi HP sik, ibu ibu percoyo opo ora bar tak kei gambare”

Grub WA soyo rame mergo ibu ibu liane podo mbalesi chattinge bu Risma. Ujug ujug krungu suarane pak yudi nyeluk bu risma

SCENE 6 (FLASHBACK)

BU RAHMI, ROBI-EXT-TERAS RUMAH-SIANG HARI

Robi : “kulo nuwun bu”

Bu Rahmi : “ monggo mas, madosi sinten nggih ?”

Robi : “kulo robi bu saking bengkel sik ndandani motore Murti”

Bu Rahmi : “wo, kepripon mas nopo pun dadi motore Murti ?”

Robi : “dereng bu, niki kula mriki badhe ngabari menawi motor Murti niku kathah sik kedah diganti lajeng sik diganti niku ten bengkel pun telas dadose dangu bu kinten kinten nggih sekawan dintenan mbok menawi”

Bu rahmi :” wo yo ra popo mas, ning nek iso ojo sue sue yo mas. Mesakke sek nabrak si Murti amben dino kon methuk terus. Ora penak karo tonggo, ndak dadi berita le ora ora”

Robi : “nggih bu kula ushakke, soale Murti wau kula telpon mboten aktif”

Bu rahmi : “ wola nek nyambut gawe ora diurupke Hpne. Yowis mengko tak kabrane si Murti”

Robi : “nggih, nek ngoten kula tak pamit bu, nuwun nggih”

Bu rahmi : “nggih monggo mas nek mboten ajeng mlebet riyin. Nuwun nggih”

SCENE 7

BU MENIK, BU RISMA-EXT-TERAS RUMAH, DALAN NGAREP UMAH-SIANG HARI

Bu risma lewat depan rumah bu menik

Bu menik : “mbak arep nyang ngendi awan awan ?”

Bu risma : “iki bu arep nyang warung”

Bu menik :”mbok mampir wedangan sik mbak”

SCENE 8

BU MENIK, BU RISMA, BU RT-EXT-TERAS RUMAH, DALAN NGAREP UMAH-SIANG HARI

Bu risma : “wis ndelok urung mbak sing ning grub WA ?”

Bu menik : “ono opo mbak ning grub ? aku ki ora delok jare wong ora due paketan urung ditukokke bojoku”

Bu risma : “aku ki ngirim fotone si Murti karo yange. Ben do percoyo ora ngomong hoax hoax terus”

Bu menik : “opo tenan kui mbak ? jan ora delok aku malahan”

Bu risma : “lha iki bu fotone nek ora percoyo”

Bu menik : “wee lha tenan je, lha ning si Murti ki lak nyambut gawe to mbak ?”

Bu risma : “lha mbokan yo prei mbak gek kangsen dolan, jenenge we cah enom”

Seko kadohan ono bu RT

Bu RT : “ibu ibu, nderek langkung”

Bu menik : “monggo bu RT, badhe tindak pundi niku ?”

Bu RT : “niki badhe ten warung, sek nopo to bu risma kalih bu menik ki”

Bu menik : “niki namung leyeh leyeh monggo mampir bu”

SCENE 9

BU MENIK, BU RISMA, BU RT-EXT-TERAS RUMAH-SIANG HARI

Bu RT mampir ngumahe bu menik

Bu RT : “bu risma nopo leres kabar sik njenengan share ten grub WA niku ?”

Bu risma : “leres bu, wong kula ngertos piyambak kok”

Bu RT : “nek saran kula nggih bu, ampun nyebar kabar sik dereng tentu kebenarane, mengki ndak dados berita palsu alias hoax bu”

Bu menik :”lha ning, bu risma niku ngertos piyambak lo bu”

Bu RT : “nopo sik dipirsani bu risma menika lak dereng ngertos faktane, mbok menawi si Murti niku namung bareng kalih rencange kerjo. Mangkih nek mboten onten faktane ndak njenengan piyambak lo sik rugi. Pun mbak, ngoten mawon kula gek tak ten warung riyin”

Bu risma : “nggih bu, nderekaken monggo”

Bu risma : “mbak menik, kula gek tak pamit arak nyang warung blonjo. Sabun ngumah wis entek”

Bu menik : “wo yo mbak, ngati ati yo mbak”

SCENE 10

BU RISMA -EXT-DALAN NGAREP UMAH BU RAHMI-SORE HARI

Bu risma arep bali krungu adnan lagi omongan karo bu rahmi. Bu rahmi ekspresine karo rodo kaget. Bu risma mandek lan ngrungokke.

Bu risma : “waduh, ono opo kae”

SCENE 11

BU RAHMI, ADNAN, MURTI –EXT-TERAS RUMAH-SORE HARI

Adnan : “mangkih kula tanggung jawab bu”

Bu rahmi : “tenan le koe arep tanggung jawab”

Adnan : “inggih bu, kula ajeng tanggung jawab kalih Murti. Kalian nopo ingkang sampun kula lakoni bu”

Murti : “kula nyuwun ngapunten nggih bu”

Bu rahmi : “yowis rapopo, wong mas adnan gelem tanggung jawab to mur”

Adnan : “nggih mpun bu kula tak pamit riyin nggih. Mumpung tasih sore niki”

Bu rahmi :”yo le ati ati yo”

Adnan pergi dari pekarangan murti

SCENE 12

BU RISMA –EXT-DALAN NGAREP UMAH BU RAHMI-SORE HARI

Bu risma langsung kaget marang opo sik dirungokke

Bu risma :”Ya Allah, gusti si Murti kedadean tenan nek iki. Berati opo sik tak delok mau esuk kui tenan kae pacare si Murti. Gusti kok ora nyongko aku. Pokoke aku tak nglumpukke ibu ibu ben podo reti kabeh”

Bu risma ngeshare info menowo sore iki ibu ibu kudu kumpul ning ngumahe bu menik.

SCENE 13

BU RISMA, BU MENIK, BU YAYUK, BU RT, BU NANIK, BU TATIK–EXT-TERAS UMAH BU MENIK-SORE HARI

Ibu ibu wis podo kumpul kabeh

Bu risma : "ibu ibu jan ciloko iki. Ciloko tenan"

Bu tatik : "ono opo to bu risma ?"

Bu RT : "onten nopo malih to mbak risma ?"

Bu Risma : "bu terangane sik mau esuk karo murti ki tenan yange bu. Si Murti kedadean karo yange aku krungu dewe si cah lanange arep tanggung jawab bu"

Bu yayuk : "ah nopo leres niku ?"

Bu nanik : "hoo to mbak kok kyoe ora percoyo aku, wong bocahe ndenakake banget kok"

Bu menik : "mesti leres bu, wong mbak risma ngerti dewe kok"

Bu RT : "wis ibu ibu mending ditakokke marang si Murti karo bu Rahmi ben oleh benere seko berita seko mbak risma"

Bu yayuk : "nah, leres niku bu RT"

SCENE 14

BU RAHMI, MURTI–EXT-DALAN NGAREP UMAH BU MENIK-SORE HARI

Bu rahmi karo murti lewat ngarep umahe bu menik

Bu rahmi : "nderek langkung ibu ibu"

SCENE 15

BU RISMA, BU MENIK, BU YAYUK, BU RT, BU NANIK, BU TATIK–EXT-TERAS UMAH BU MENIK-SORE HARI

Bu RT : "Iha niko kepeneran, bu rahmi karo Murti lewat. Iso ditakoni kebenerane"

Bu Yayuk : "bu rahmi, Murti.. mang mriki, niki ditimbal bu RT"

SCENE 16

BU RAHMI, MURTI–EXT-DALAN NGAREP UMAH BU MENIK-SORE HARI

Bu rahmi karo murti mlaku menyang terase bu menik

Bu rahmi : "nggih bu, kula mriku"

SCENE 17

BU RISMA, BU MENIK, BU YAYUK, BU RT, BU NANIK, BU TATIK, BU RAHMI, MURTI–EXT-TERAS UMAH BU MENIK-SORE HARI

Bu RT : "bu rahmi, niki kula kaliyan ibu ibu sik liyo badhe tanglet ning ampun tersinggung nggih bu. Niku kula ki angsal kabar saking bu risma menawi Murti niku wau esuk lunga kalih pacare lha pas sorene pas bali bu risma krungu jare si Murti kui kedadean karo yange mergo cah lanange arep tanggung jawab. Nopo leres bu ?"

Bu Rahmi : “woalah bu, niku sedoyo klentu. Si Adnan niku wingi lare sik nabrak si Murti, mulane motore sakniki ten bengkel. Lha amargi ngertos murti niku mboten gadah motor liane mulane larene niku ajeng antar jemput si murti. Nek babagan tanggung jawab niku, si Adnan ajeng mbayari sedoyo biaya bengkele si murti. Ngoten ibu ibu, kula jelaske supados mboten dadi salah faham lan berita hoax”

Bu RT : “Iha kui mbak risma, dirungokke opo jarene mbak rahmi. Nek salah ngeneki kepie ? lak rugi dewe to ? sik nyebar berita isin, sik di beritani salah yo rugi”

Bu risma :”owalahh, dadi mung bab tabrakan to ? tiwas aku peng pengan le moto karo ngrungokke.

Bu RT : “nah bu ibu, sakniki ampun percoyo ngoten mawon kaliyan berita ingkang dereng pasti kebenaranipun. Saget ditanyakan riyin kaliyan pengirim berita. Tiyang ingkang ngirim nggih semono ugi, mboten pareng langung ngirim berita ingkang dereng enten buktine kagem tiyang sanes. Sumangga kita saget bijak menggunakan media.

Bu yayuk :”wis, bu risma sesuk nek arak tuku sayur gek langsung tuku orasah nyambi gosip”

Bu risma :”Iha tak kiro wingi bab tabrakan sik liane je”

SELESAI

Treatment

Tema : Hoax
 Judul Film Pendek : Ojo Gampang Percoyo, Sopo Ngerti HOAX
 Durasi :
 Pengarah Acara :
 Produksi : Maret 2020

No.	Deskripsi	Narasi	Video/Adegan	Audio	Tempat
1.	Pembukaan	<ul style="list-style-type: none"> Tanpa narasi Judul “Ojo Gampang Percoyo, Sopo Ngerti HOAX” 	1. Kosongan 2. Judul 3. Lembaga Penanggungjawab	<ul style="list-style-type: none"> Tanpa musik 	
2.	Isi cerita SCENE 1 EXT-NGAREP UMAH MURTI- PAGI HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Esuk kui Murti putrine Ibu Rahmi telfonan karo wong lanang sik ameh metuk ng omah e. Neng pinggir dalan Ibu Risma nggedumel sambli mlaku ng tukang sayur.	1. Shot ibu-ibu yang sedang berbelanja 2. Shot Murti telfonan 3. Shot Bu Risma	1. backsound	Ngarep omah e murti
3.	SCENE 2 EXT-PINGGIR DALAN-PAGI HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Ibu ibu gosip ng tukang sayur. Sakwise bayar Bu risma pamit mulih	1. Shot Ibu – ibu ngobrol ng pinggir dalan 2. Shot	1. backsound	Pinggir dalan tukang sayur
4.	SCENE 3 BU RISMA, MURTI, ADNAN- EXT-DALAN NGAREP UMAH	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Neng dalan bali Bu Risma metuki murti boncengan karo cah lanang. Weruh kesempatan kui Bu Risma moto.	1. Shot Bu Risma jalan 2. Shot Adnan, Murti boncengan	1. backsound	Dalan bu risma balik seko tukang

	MURTI-PAGI HARI	Fotone di sebar ning grup WA, Hp ne Bu Risma di pateni supoyo grup WA ne geger.	3. Shot bu risma foto adnan, muri 4. Shot bu risma kirim foto di WA		sayur
5.	SCENE 4 BU RISMA, PAK YUDI-EXT-TERAS RUMAH-SIANG HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Ning omah pak yudi wes ngenteni garwane blonjo kok rung bali . Bu Risma wes paham menawa di goleki garwane kui berarti kon gawekke kopi. 	1. Shot pak yudi dan bu risma ngobrol 2. Shot pak yudi 3. Shot bu risma	1. backsound	Teras omah e pak yudi
6.	SCENE 5 BU RISMA, PAK YUDI-INT-PAWON-SIANG HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Bu Risma ning pawon gawe kopi. Bu Risma buka hp ne nggo nilki grup WA. Lagi arep balesi chat Bu Risma wes di timbali pak yudi 	1. Shot bu risma ng pawon 2. Shot buat kopi 3. Shot mau bales chat tapi nggak jadi	1. backsound	Pawon omah e pak yudi
9.	SCENE 6 BU RAHMI, ROBI-EXT-TERAS RUMAH-SIANG HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Robi mertamu nemoni Bu Rahmi ngomong menawa motor e murti durung rampung le dandani. Sak wise matur Robi langsung pamit. 	1. Shot robi datang 2. Shot bu rahmi dan robi ngobrol 3. Shot robi pergi	1. backsound	Teras omah e bu rahmi
10	SCENE 7 BU MENIK, BU RISMA-EXT-TERAS RUMAH, DALAN NGAREP UMAH-SIANG HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Bu Risma arep ning warung lewat ngarep omah e Bu Menik. Bu Menik cawe cawe ngakon mampir. 	1. Shot bu risma jalan 2. Shot bu menik cawe cawe 3. Shot mereka duduk di teras	1. backsound	Terah omah e bu menik

11.	SCENE 8 BU MENIK, BU RISMA, BU RT-EXT-TERAS RUMAH, DALAN NGAREP UMAH-SIANG HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Bu Menik ora due kuota dadi ora ngerti bab berita ng gru. Seko adohan bu RT lewat, Bu Menik ngaturi bu RT mampir 	1. Shot mereka ngobrol 2. Shot bu RT jalan	1. backsound	Teras omah e bu menik
12.	SCENE 9 BU MENIK, BU RISMA, BU RT-EXT-TERAS RUMAH-SIANG HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Bu RT mampir. Bu Menik cerita marang bu RT bab berita kui, nanging bu RT ora percoyo malah ngandani Bu Risma menawa berita kui kudu dipastekke disik bener orane. Bu RT pamit neruske laku ora let sue Bu Risma uga pamit ameh ning warung. 	1. Shot ibu ibu ngobrol 2. Shot bu rt pamit 3. Shot bu risma pamit	1. backsound	Teras omah e bu menik
13.	SCENE 10 BU RISMA -EXT-DALAN NGAREP UMAH BU RAHMI-SORE HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Bu risma arep bali krungu adnan lagi omongan karo bu rahmi. Bu rahmi ekspresine karo rodo kaget. Bu risma mandek lan ngrungokke. 	1. Shot bu risma jalan 2. Shot adnan, murti lan bu rahmi	1. backsound	Dalan ngarep omah e bu rahmi
14	SCENE 11 BU RAHMI, ADNAN, MURTI –EXT-TERAS RUMAH-SORE HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Bu Risma krungu adnan ngomong arep tanggung jawab karo apa sik wes dilakokke ning murti. Sakwise cukup le rembugan adnan pamit. 	1. Shot bu risma nguping 2. Shot adnan pamit	1. backsound	Teras omah e bu rahmi
15.	SCENE 12 BU RISMA –EXT-	<ul style="list-style-type: none"> Narasi 	1. Shot bu rahmi WA di grup 2. Shot ibu ibu kumpul	1. backsound	Dalan ngarep

	DALAN NGAREP UMAH BU RAHMI-SORE HARI	Krungu kui Bu Risma kaget banjur ngumpulke ibu ibuning omah e Bu Menik arep marani omah e Bu Rahmi.			omah e bu rahmi
16	SCENE 13 BU RISMA, BU MENIK, BU YAYUK, BU RT, BU NANIK, BU TATIK-EXT-TERAS UMAH BU MENIK-SORE HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Ibu ibu wes do kumpul. 	<ol style="list-style-type: none"> Shot ibu ibu kumpul Shot ibu ibu ngobrol 	1. backsound	Teras omah e bu menik
17	SCENE 14 BU RAHMI, MURTI-EXT-DALAN NGAREP UMAH BU MENIK-SORE HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Bu Rahmi lan murti lewat ngarep omah e Bu Menik. 	<ol style="list-style-type: none"> Shot Bu rahmi, murti jalan 	1. backsound	Ngare omah e bu menik
18.	SCENE 15 BU RISMA, BU MENIK, BU YAYUK, BU RT, BU NANIK, BU TATIK-EXT-TERAS UMAH BU MENIK-SORE HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Bu menik ngajak i bu rahmi lan murti mampir 	<ol style="list-style-type: none"> Shot Bu Rt Shot bu yayuk 	1. backsound	Teras oamh e bu menik
19.	SCENE 16	<ul style="list-style-type: none"> Narasi 	<ol style="list-style-type: none"> Shot bu rahmi jalan 	1. backsound	Teras omah
	BU RAHMI, MURTI-EXT-DALAN NGAREP UMAH BU MENIK-SORE HARI	Bu rahmi karo murti mlaku menyang terase bu menik			e bu menik
20	SCENE 17 BU RISMA, BU MENIK, BU YAYUK, BU RT, BU NANIK, BU TATIK, BU RAHMI, MURTI-EXT-TERAS UMAH BU MENIK-SORE HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Bu Rahmi cerita kedadean sik saktbener e.. 	<ol style="list-style-type: none"> Shot bu rahmi Shot bu rt Shot bu risma 	1. backsound	Teras oamh e bu menik

Lampiran 15 Naskah dan *Treatment* “Tepa Selira”

Naskah Short Movie

Tema : TEPA SELIRA

Judul : Tepa Selira kanggo Urip ing Alam Dunia

TOKOH :

1. Krisna
2. Prabu
3. Khatarina

SCENE 1

Suoro salam rampung sholat...

Suoro sikil mlaku...

SCENE 2

KRISNA-EXT-DALAN-SIANG HARI

Krisna mlaku mulih sakwise mulih seko mesjid

Krisna : "sepi banget bajegno"

Krisna : "weeeee.. sopo kae cah wedok awan awan nuntun motor"

Krisna rodo mlayu nututi cah wedok mau

SCENE 3

KRISNA, KHATARINA-EXT-DALAN-SIANG HARI

Krisna : "motore keneng opo mbak ?"

Khatarina : "iki mas ujug ujug mogok"

Krisna : "cobo mbak tak cek.e"

.....

Khatarina : "kepie mas iso ?"

Krisna : "wah mbak raiso e, mending digowo ng bengkel wae"

Khatarina : "adoh ora mas nek seko kene ?"

Krisna : "lumayan adoh mbak, tapi dituntun tekan ngumahku wae ben dijupuk koncoku mengko"

Khatarina : "omahmu isik adoh mas ?"

Krisna : "ora kok wis cerak"

SCENE 4

KRISNA, KHATARINA-EXT-TERAS-SIANG HARI

Tekan ngumahe krisna, khatarina dikon nunggu ng teras

Krisna : "lungguh sik mbak, aku tak mlebu sik nelpon koncoku"

Khatarina : "oh nggih mas"

SCENE 5

PRABU, KRISNA, KHATARINA-EXT-TERAS-SIANG HARI

Krisna : "woo la kae mbak koncoku sik arep jupuk motor"

Prabu : "kris, sing endi motore ?"

Krisna : "Iha kui bu, gone mbak.e iki langsung tok gowo wae"

Prabu : "wo yo ngko nek wis dadi tak kabari yo kris"

Krisna : "oke, nuwun yo bu"

Prabu lunga....

SCENE 6

KRISNA, KHATARINA-EXT-DALAN-SIANG HARI

Krisna metu gowo wedang

Krisna : "monggo mbak, mang unjuk"

Khatarina : "walah mas malah repot repot"

Krisna : "wah mboten mbak. Ngapunten mbak, namine sinten ? wau dereng kenalan. aku krisna mbak"

Khatarina : "owalah iyo. Aku khatarina mas"

Krisna : "Iha wau saking pundi mbak ?"

Khatarina : "saking gereja mas, njur motorku mati untung ketemu koe"

SCENE 7

KRISNA, KHATARINA-EXT-TERAS-SORE HARI

Suoro adzan ashar

Krisna : "laaaa wis ngasar jebul"

Khatarina : "nek ngoten aku tak langsung pamit mawon mas"

Krisna : "Iha njengengan le mulih kepripon mbak ?"

Khatarina : "aku dipethuk kok tenang wae, njenengan kan yo arep ning mesjid to ?"

Krisna : "owalah yowis nek ngono, mengko nek motore wis dadi tak WA"

Khatarina : "nggih, kula pamit riyin nggih mas"

Krisna : "nggih mbak.."

SCENE 8

KRISNA-EXT-TERAS-PAGI HARI

Krisna weuh buntelan kresek, ujug ujug HPne muni. Telpon seko khatarina

Khatarina : "wis tok tompo kris"

Krisna : "owalah iki sik ngirimi koe ?"

Khatarina : "iyo kui muk koko. Nuwun yo wingi wis ngewangi aku pas motorku mogok"

Teks :

Urip kui kudu tepa selira, aja mandang koe sapa aku sapa kae sapa, lung tinulunga mergo awakdewe kabeh sedulur.

Treatment

Tema : Tapa selira
 Judul Film Pendek : Tapa Selira kanggo Urip ing Alam Dunia
 Durasi :
 Pengarah Acara :
 Produksi : Maret 2020

No.	Deskripsi	Narasi	Video/Adegan	Audio	Tempat
1.	Pembukaan	<ul style="list-style-type: none"> Tanpa narasi Judul "Tapa Selira kanggo Urip ing Alam Dunia" 	<ol style="list-style-type: none"> Kosongan Judul Lembaga Penanggungjawab 	<ul style="list-style-type: none"> Tanpa musik 	-
2.	SCENE 1	<ul style="list-style-type: none"> Narasi kosong 	-	<ol style="list-style-type: none"> suara Orang salam Suara langkah kaki backsound 	-
3.	SCENE 2 KRISNA-EXT-DALAN-SIANG HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Krisna mlaku mulih seko masjid. Ning dalan Krisna weruh cah wedok awan awan nuntun motor dewe. Krisna rodo mlayu nututi cah wedok mau. 	<ol style="list-style-type: none"> Shot krisna Shot cah wedok nuntun motor 	1. backsound	Dalan
4.	SCENE 3 KRISNA, KHATARINA-EXT-DALAN-SIANG HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Krisna tekon motor e kenapa. Krisna ngecek motor e, gandeng rung dadi Krisna nawani mbak e mampir ng omah e 	<ol style="list-style-type: none"> Shot krisna Shot khatarina 	1. backsound	Dalan
5.	SCENE 4 KRISNA, KHATARINA-EXT-TERAS-SIANG HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Tekan ngumahe krisna, khatarina nunggu ng teras. Krisna mlebu telfon koncone. 	<ol style="list-style-type: none"> Shot krisna Shot khatarina 	1. backsound	Teras omah krisna
6.	SCENE 5 PRABU, KRISNA, KHATARINA-EXT-TERAS-SIANG HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Ora let sue prabu wes tekan ngomah e Krisna jupuk motor. Prabu langsung pamit. 	<ol style="list-style-type: none"> Shot krisna Shot khatarina Shot prabu 	1. backsound	Teras omah krisna
7.	SCENE 6 KRISNA, KHATARINA-EXT-DALAN-SIANG HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi krisna gawakke wedang seko pawon. Krisna lan khatarina omong omongan 	<ol style="list-style-type: none"> Shot krisna Shot khatarina 	1. backsound	Teras omah krisna
8.	SCENE 7 KRISNA, KHATARINA-EXT-TERAS-SORE HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Ora krasa wes adzan asar. Khatarina pamit bali di petuk. 	<ol style="list-style-type: none"> Shot krisna Shot khatarina 	<ol style="list-style-type: none"> suara adzan backsound 	Teras omah krisna
9.	SCENE 8 KRISNA-EXT-TERAS-PAGI HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Esuk e krisna weruh ana buntelan kressek ning teras omah e, ora let sue hp ne muni seko Khatarina. "Urip kui kudu tapa selira, aja mandang koe sapa aku sapa kae sapa, lung tinulunga mergo awakdewe kabeh sedulur." 	<ol style="list-style-type: none"> Shot buntelan kressek Shot krisna 	1. backsound	Teras omah krisna

Activate Win
Go to PC setting

Lampiran 16 Naskah dan *Treatment* “**Unggah-ungguh**”

Naskah Short Movie

Tema : UNGGAH UNGGUH

Judul : Unggah ungguh

TOKOH :

1. Bu narti
2. Budi
3. Ken
4. Bu leli
5. Bu muji
6. Pak rohman

SCENE 1

Time lapse...

Suoro telpon muni, suoro percakapan lewat telpon

Bu narti :”bud, mulih jam piro ?”

Budi : “ngopo buk telpon ?”

Bu narti :”nek bali gasik ibuk masakke kesenanganmu”

Budi :”wis to, aku lagi kerjo ojo diganggu buk. Isik sibuk aku”

Suoro telpon keputus...

SCENE 2

BU NARTI, PAK ROHMAN-INT-RUMAH-SIANG HARI

Bu narti :”ealah budi, angger ditelpon kok jawabe podo”

Pak rahman teko...

Pak rohman :”bar telpon sopo bu awan awan ?”

Bu narti :”budi pak, takok mulih jam piro”

Pak rohman :”ngopo bu kok ditelfon, yahmene ki yo mesti jam jam kerjo”

Bu narti :”muk nakoki mulih gasik po ra, nek hoo ibuk arep masakke senengane”

Pak rohman :”yo gek dimasakke wae bu mengko nek tekan ben gari madang”

SCENE 3

PAK ROHMAN-INT-RUANG TAMU-SIANG HARI

Pak rohman WA budi

Pak rohman :”bud, mengko langsung bali ibukmu wis masak senenganmu ning ngumah”

Budi : "Ya"

Pak rohman narik ambegan dowo karo geleng geleng

SCENE 4

BU NARTI, PAK ROHMAN-EXT-TERAS RUMAH-SIANG HARI

Bu narti : "kepie pak, budi mbalesi ora ?"

Pak rohman : "wong di WA mung mbalesi Ya ngono kui bu"

Bu narti : "budi ki yo sok ngono kui, ibuk ngasi bingung"

Pak rohman : "Iha ibu ki arep nyangdi ?"

Bu narti : "ning warung, uyahe entek"

SCENE 5

BUDI, BU MUJI, BU LELI-EXT-DALAN-SORE HARI

Ning pinggir dalam ono bu muji karo bu leli, budi lewat numpak motor tanpo sopo aruh.

Bu muji : "bu, kae mau si budi to kancane si Ken ?"

Bu leli : "iyo bu anake bu narti kae"

Bu muji : "sungguh tenan ono lewat, ora kyo wong tuane grecek"

Bu leli : "Iha yo bu ora due unggah unggah"

Bu muji : "ono enek uwong ng pinggir dalam malah meneng wae"

Bu muji karo bu leli banjur lungu

SCENE 6

BUDI, PAK ROHMAN-EXT-RUANG TAMU-SORE HARI

Budi mlebu ngumah tanpo salam marang bapake, langsung bablas mlebu

SCENE 7

BU NARTI, BUDI-INT-RUMAH-SORE HARI

Bu narti : "bud wis bali ? maem sik kene"

Budi : "wis maem karo koncoku mau. Wis aku arep adus mengko ken arep rene"

Bu narti geleng geleng...

SCENE 8

BU NARTI, KEN-EXT-TERAS-SORE HARI

Ken : “kula nuwun”

Bu narti :”monggo.. eh ken”

Ken :”enggih bu” (salaman lan ngambung tangan)

Ken :”budi enten buk ?”

Bu narti : “enek lagi adus, ditunggu jero kene mlebu”

SCENE 9

BU NARTI, KEN, BUDI-INT-RUMAH-SORE HARI

Budi :”ken wis sue ?”

Ken :”hurung, lagi wae gek ketemu ibumu”

Bu narti :”bud gek digawekke wedang Ken ki”

Ken :”pun mbotensah bu malah ngrepoti”

Budi : “koe wae to buk”

Ken :”bud malah akon wong tuo koe ki ?”

Budi :”wong selo kok yoan”

Ken :”bud, aku wingi diceritani ibukku jare koe lewat wingi ra aruh aruh pas ono bu muji barang”

Budi :”iyo, lha memeng ngko ndak ditakon takoni”

Ken :”bud, kudune awakdwe ki due unggah unggah karo wong tuo. Reti dewe ning gone desane dewe iki nek ora pas le ngomongke iso aneh aneh”

Budi : “lha njur aku kudu pie ?”

Ken : “yo minimal nglakson, nek arak kerjo ki yo pamit karo wong tuo uluk salam. Awakdwe ki yo tau disekolahke lo bud kudu due unggah unggah”

Budi :”iyo neh ken”

Ken :”ojo nesu lo bud, aku ngandani koe ngko ndak koe dadi viral nek tok baleni neh hahaha”

Budi : “iyo iyo sesuk ra tak baleni neh”

SCENE 10

BUDI, BU NARTI, PAK ROHMAN-INT-RUMAH-PAGI HARI

Adegan budi pamit lan ngambung tangan wong tuane sakhurunge mangkat nyambut gawe

SCENE 11

BU NARTI, PAK ROHMAN-INT-RUMAH-SIANG HARI

Adegan budi aruh aruh marang bu muji lan bu leli

Budi :”monggo bu leli bu muji”

Bu muji lan bu leli ngguyu lan ndungkluk....

Treatment

Tema : Unggah Ungguh
Judul Film Pendek : Unggah Ungguh
Durasi :
Pengaruh Acara :
Produksi : Maret 2020

No.	Deskripsi	Narasi	Video/Adegan	Audio	Tempat
1.	Pembukaan	<ul style="list-style-type: none">Tanpa narasiJudul “Unggah ungguh”	<ol style="list-style-type: none">KosonganJudulLembaga Penanggungjawab	<ul style="list-style-type: none">Tanpa musik	-
2.	SCENE 1	<ul style="list-style-type: none">Narasi Suoro telfon muni banjur ana percakapan.	<ol style="list-style-type: none">Time lapseShot bu narti	<ol style="list-style-type: none">suara hp munibacksound	-
3.	SCENE 2 BU NARTI, PAK ROHMAN- INT-RUMAH- SIANG HARI	<ul style="list-style-type: none">Narasi Bu narti dumel, Pak Rahman teko banjur. Bu Narti curhat marang Pak Rahman bab kelakuan e Budi soal e ameh masakke kesenagan e Budi nanging telfon e di pateni.	<ol style="list-style-type: none">Shot bu nartiShot Pak Rahman	<ol style="list-style-type: none">backsound	Omah e Pak Rahman
4.	SCENE 3 PAK ROHMAN- INT-RUANG TAMU-SIANG HARI	<ul style="list-style-type: none">Narasi Pak Rahman WA Budi namung muk dibalesi Ya. Ngerti kaya mengkono Pak Rahman narik ambegan dawa karo geleng geleng.	<ol style="list-style-type: none">Shot Pak Rahman	<ol style="list-style-type: none">backsound	Ruang tamu Pak Rahman
5.	SCENE 4 BU NARTI, PAK ROHMAN- EXT-TERAS RUMAH- SIANG HARI	<ul style="list-style-type: none">Narasi Bu narti tekon ning Pak Rahman budi balesi ora. Bu narti lungo tuku uyah	<ol style="list-style-type: none">Shot bu nartiShot Pak Rahman	<ol style="list-style-type: none">backsound	Teras omah e Pak Rahman
6.	SCENE 5 BUDI, BU MUJI, BU LELI-EXT- DALAN-SORE HARI	<ul style="list-style-type: none">Narasi Ning pinggir dalan ono bu Muji lan Bu leli, Budi lewat numak motor tanpa aruh aruh. Bu muji lan Bu leli prihatin ngerti kelakuan e Budi sik bedo banget karo wong tuo ne. Bu Muji lan Bu leli banjur lunga.	<ol style="list-style-type: none">Shot budiShot bu mujiShot bu leli	<ol style="list-style-type: none">backsound	Pinggir dalan
7.	SCENE 6 BUDI, PAK ROHMAN- INT-RUANG TAMU-SORE HARI	<ul style="list-style-type: none">Narasi Tekan ngomah Budi mlebu tanpo salam marang bapake	<ol style="list-style-type: none">Shot budiShot Pak Rahman	<ol style="list-style-type: none">backsound	Ruang tamu omah e pak rahman
8.	SCENE 7 BU NARTI, BUDI-INT- RUMAH- SORE HARI	<ul style="list-style-type: none">Narasi Ngerti putrane bali Bu narti ngakon Budi maem, nanging Budi wes maem karo kanca kancane. Bu narti geleng geleng.	<ol style="list-style-type: none">Shot budiShot bu narti	<ol style="list-style-type: none">backsound	Jero omah pak rahman
9.	SCENE 8 BU NARTI, KEN-EXT- TERAS-SORE HARI	<ul style="list-style-type: none">Narasi Ken moro ng omah e budi. Ken salaman karo bu narti.	<ol style="list-style-type: none">Shot bu nartiShot Ken	<ol style="list-style-type: none">backsound	Teras omah e pak rahman

10	SCENE 9 BU NARTI, KEN, BUDI- INT-RUMAH- SORE HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Rampung adus budi nemoni ken. Budi ngomong karo ibu ne kok ken durung di gawekke wedang. Bu narti kaget anak e ngakon wong tuo. Bu Narti duka langsung ngomongi Budi menawa keakuan e kui salah. Ken uga muni yen kelakuan e budi kui ora bener. Bu narti uga cerita menawa Budi petukan Bu Muji ora uluk salam waton ngeblas. Amarga di nasehati lbuk e lan ken budi sadar lan ora are baleni kelakuan e. 	<ol style="list-style-type: none"> 1. Shot bu narti 2. Shot Ken 3. Shot budi 	1. backsound	Omah e pak rahman
11.	SCENE 10 BUDI, BU NARTI, PAK ROHMAN- INT-RUMAH- PAGI HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Esuk e budi mangkat kerja dekne salam marang wong tuo ne 	<ol style="list-style-type: none"> 1. Shot budi 2. Shot pak rahman 3. Shot bu narti 	1. backsound	Omah e pak rahman
12.	SCENE 11 BU NARTI, PAK ROHMAN- EXT-DALAN- SIANG HARI	<ul style="list-style-type: none"> Narasi Budi aruh aruh marang bu leli lan bu Muji. 	<ol style="list-style-type: none"> 1. Shot budi 2. Shot bu muji 3. Shot bu leli 	1. backsound	Dalan

Lampiran 17 Storyline PPID

| STORYLINE VIDEO PPID

Judul : Keterbukaan Informasi
Durasi Total : 58 detik

NO	VISUALISASI	NARASI	DURASI
1.	1 orang membuka laptop dengan data pendapatan daerah yang disampingnya ada buku UU keterbukaan informasi	Keterbukaan informasi sangat penting bagi masyarakat	10 detik
2.	Masyarakat sedang membuka buku UU	UU no 14 tahun 2008 menjadi dasar hukum keterbukaan informasi publik di Gunungkidul	5 detik
3.	2 orang datang membawa berkas permohonan dan bertanya ke pegawai bagian bawah. Mereka diantar ke atas	Hak setiap orang untuk memperoleh informasi dan kewajiban Badan Publik menyediakan dan melayani permintaan informasi secara cepat, tepat waktu, proporsional dan cara sederhana	10 detik
4.	2 orang jalan diantar oleh pegawai bagian bawah ke desk layanan Diskominfo. Mereka dijelaskan oleh petugas desk tentang PPID. Ada yang membuka ppid.gunungkidulkab.go.id	Untuk mendapatkan informasi publik pemerintah, masyarakat dapat mengunjungi desk layanan informasi di Dinas Komunikasi dan Informatika Kabupaten Gunungkidul pada hari kerja lalu mengisi formulir yang disediakan atau mengakses layanan online di alamat ppid.gunungkidulkab.go.id	10 detik
5.	Petugas memberikan berkas hasil permohonan	Dengan adanya keterbukaan informasi masyarakat dapat mengetahui berbagai info tentang pelaksanaan pemerintahan di Kabupaten Gunungkidul	5 detik
6.	Masyarakat memantau lewat web saku	Sehingga masyarakat dapat memantau kinerja pemerintah	9 detik
7.	Masyarakat mengatakan kalimat disamping	Mari mewujudkan masyarakat informasi dengan mengawal keterbukaan informasi pemerintah Kabupaten Gunungkidul	9 detik